


Kondui Nan Zòn Lekòl yo

Tout elèv merite pou yo ale epi retounen sot lekòl san danje. Li enpòtan pou tout moun pran anpil prekosyon nan moman y ap rantre epi sòti sou kanpis lekòl yo. Men kèk machasuiv senp k ap ede w konprann prensip debaz yo.



1 Ou Dwe Konnen Règleman sou Arive ak Ranvwa nan Lekòl Kote w ye a

Anvan ane lekòl la kòmanse, toujou revize pwosedi arive ak ranvwa nan lekòl kote w ye a.

KONSEY:

Pataje pwosedi sa yo ansanm ak tout gadyen, fanmi, epi zanmi ki kapab pase pran oswa depoze timoun ou an.

Lis bagay pou tcheke nan zòn debakman ak anbakman an

- ✓ Kondui kòmsi se mache w ap mache
- ✓ Suiv eksplikasyon ajan aksyon sivik yo
- ✓ Verifye se nan bon adrès anbakman ak debakman an ou ye

3 Kondui Avèk Pridans: Verifye Kawotchou ak Pye nan lari a epi Obeyi ak Lwa sou Men Lib la

Pyeton ak siklis yo se moun ki plis ekspoze ak danje sou wout la. Lè w ap kondui, ralanti, voye je, epi bay yo priyrite.

Lwa Massachusetts entèdi moun k ap kondui veyikil ak motè yo pou yo itilize aparèy elektwonik, tankou telefòn, sof si l ap sèvi ak aparèy nan mòd men lib.

Lwa sou "men lib" la rantre an vigè 23 fevriye 2020.

Mass. General Laws, chapter 90 sec. 13B



ENFÒMASYON

Tanpri vizite Mass.Gov/Handsfree

2 Pa Kite Motè w ap Mache Pandan w ap tann lan

Kite motè a an mach pandan li pap kouri (mache oralanti) pou plis pase 10 segonn se gaspiye gaz sa rele epi pwodui emisyon ki kontribye nan polisyon lè a. Poumon pitit ou yo toujou nan pwoesisis devlopman epi yo plis frajil ak lafimen k ap sòti nan mòflè yo.

1. Etenn motè machin ou an lè w ap kanpe nan zòn anbakman ak debakman.
2. W ap ekonomize plis gaz si w annik redemare machin ou an nan moman ou pare pou w deplase.



SA SE LALWA.

Yon machin pa kapab mache oralanti pandan plis pase 5 minit sof si se sèvis y ap fè ladan li oswa y ap livre yon bagay oswa pran machandiz kote ki gen nesesite pou motè machin lan toujou rete ap mache. Si ou pa respekte lwa sa a, yo kapab fè w peye yon amann ki egal ak \$100 pou premye ka enfraiksyon an epi jiska \$500 pou pou tout lòt enfraiksyon yo.

Mass. General Laws, chapter 90 sec. 16 A

4 Obeyi Lwa sou kesyon Bis Lekòl yo nan Massachusetts

Si limyè yon bis lekòl oswa yon minibis ap mouri limen epi yo lonje yon pano estòp, ou dwe kanpe. Kèlkeswa sou ki bò ou ye sou wout la. Kanpe la jiskaske limyè yo sispann mouri limen oswa jiskaske yo retire pano estòp la. Aprèsa deplase dousman epi kontinye siveye timoun yo.

Premye enfraiksyon ou komèt sou lwa sa a ka lakòz yo pran lisans ou epi w ap peye yon amann \$250

Mass. General Laws, chapter 40 sec. 14.



Pote Anpil Atansyon: Bis Lekòl ak Sèvis Transpò Eskolè (Sèvis Abònman)

Bis Lekòl jòn yo gen limyè wouj k ap mouri limen epi pano estòp k ap deploye sou kote chofè a. Sèvis transpò pou elèv yo, tankou minibis, machin familyal, gen limyè wouj k ap mouri limen epi pano ki di "BIS LEKÒL" sou tèt yo. Chofè machin yo itilize siyal avètisman (siyal doubl pakin) nan moman y ap depoze oswa pran elèv.

5 Eseye Sòti San Machin

Si w rete toupre lekòl la (1/2 oswa yon kilomèt) chwazi yon mwayen pratik pou ale lekòl swa apye oswa sou bekàn.

Reflechi sou opsyon sa yo avèk lòt fanmi ki rete toupre lekòl ou an.

- Kòmanse **Mache pou ale Lekòl la oswa Ale sou Bekàn** (kolabore ansanm ak Kowòdonatè sansibilizasyon lokal SRTS ou a pou konnen plis detay)
- Kowòdone yon kote avèk lekòl la pou **Pakin epi Mache** pou w ale pou diminye kantite sikilasyon ki gen sou lakou lekòl la.
- Si ou dwe kondui, eseye **pataje menm machin** (pran woulib).



ÈSKE W TE KONNEN?

Ou pa NAN blokis men ou SE blokis la Eseye sòti san machin pou diminye blokis pandan w ap pase pran oswa depoze timoun lan.